




Estanda spesifik sa yo pou ki pa otreman adrese pou COVID -19 etabli estanda minimòm pou nenpòt Faz I oswa Faz II pou tout antrepriz ki otorize pou re-ouvè men ki pa spesifikman adrese pa estanda sekirite sektè spesifik COVID-19.

Okenn aktivite nan okenn Faz 1 oswa II pa dwe fèt san li pa satisfè estanda sekirite COVID-19 nan plas travay la. Estanda sa yo aplike pou tout antrepriz yo ki otorize pou fonksyone jiskaske Eta anile oswa modifiye yo, sof kote estanda sektè spesifik yo aplikab an pati oswa tout aktivite antrepriz yo, kote nan ka sa antrepriz yo dwe swiv estanda sektè spesifik yo. Pwopriyetè antrepriz la ap responsab pou satisfè estanda sa yo.

## ESTANDA OBLIGATWA SOU SEKIRITE



### DISTANS SOSYAL

Asire separasyon nan 6 pye oswa plis ant moun yo kote sa posib

- Fèmen oswa rekonfigire espas komen travayè a ak zòn gwo dansite yo kote travayè yo siseptib pou regwoupe (egzanp., sal repo, sal-a-manje) pou pèmèt distans distans
- Klwazon fizik yo dwe separe estasyon travay yo ki pa kapab espase pa 6 pye oswa plis (klwazon yo dwe etann nan omwen 6 pye wotè)
- Pou kliyan yo ki an kontak avèk antrepriz yo, enstale makè distans sosyal vizyèl pou ankouraje kliyan yo rete 6 pye apa (egzanp., liy pou fè peman, liy pou itilize twalèt) ak enstale baryè fizik pou pòs kontwòl yo kote sa posib

Vire lè travay, poz ak manje, règleman kantite moun maksimòm nan yonsèl kote, ak asire 6 pye distans fizik

Egzije itilizasyon kouvri figi pou tout kliyan ak travayè yo, sof lè li pa ansekirite akòz yon kondisyon medikal oswa andikap

### Rekòmande pi bon pratik yo

Amelyore vantilasyon pou espas fèmen yo kote sa posib (egzanp., ouvè pòt ak fenèt yo)

Ankouraje metòd peman ki san kontak



### PWOTOKOL IJYÈN

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, kèlkeswa lè sa posib ak ankouraje lave men souvan; dezenfektan pou men ki a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl yo ka itilize kòm yon altènativ

Bay sanitasyon regilye nan zòn yo manyen souvan yo, tankou estasyon travay, ekipman, ekran, manch pòt, twalèt toupatou nan sit travay la

Afiche siy vizib toupatou sit la pou fè travayè sonje osijè pwotokòl ijyèn ak sekirite



### PÈSONÈL & OPERASYON

Bay anplwaye yo fòmasyon sou enfòmasyon sekirite ajou ak prekosyon sa ki gen ladan ijyèn ak lòt mezi sekirite ki vize nan redwi transmisyon maladi, sa ki gen ladan:

- Distans sosyal, lave men, bon itilizasyon nan kouvri figi  
Oto-depistaj nan kay, sa ki enkli tcheke tanperati ak sentòm yo  
Ranfòse ke travayè ki malad pa ta dwe vin travay
- Kilè pou chèche atansyon medikal si sentòm yo vin grav
- Ki kondisyon sante kache ki kapab lakoz moun ki pi siseptib pou atrape ak soufri nan yon ka viris grav

Ajiste lè ak orè travay (ogmante ekip travay avèk diferan orè oswa chanje lè rive/depa) pou redwi kontak ant travayè yo ak redwi konjesyon nan pwen dantre yo

Fèmen tout zòn chita yo ak mande kliyan yo pou rete tann deyò oswa nan veyikil yo jiskaske lè randevou yo rive si aplikab

Retire ekipman ki pa esansyèl yo (magazin, dlo oswa kafe pou kliyan yo oswa fèmen sal pou manto, elatriye.) nan saldatant oswa lòt zòn komen yo

Pou sèvis yo bay nan kay ak pou pwodui livrezon oswa enstalasyon nan kay, reta nan sèvis livrezon si kliyan an endike potansyèl moun ki pozitif nan COVID-19 nan kay la

Travayè yo ka pa vini travay si yo santi yo malad

Si yo enfòme anplwayè sou yon ka pozitif nan plas travay la, anplwayè a pral enfòme Komisyon Depatman Sante Lokal (LBOH) nan vil oswa vilaj kote plas travay la lokalize epi travay avèk yo pou retrace posib kontak nan plas travay la ak konseye travayè yo pou yo izole ak mete tèt yo an karantèn. Yo ka mande pou lòt travayè yo fè tès ki konsistan avèk gid ak/oswa sou demann LBOH

Afiche avi pou travayè ak kliyan yo sou enfòmasyon sante enpòtan ak mezi pou sekirite jan li endike nan direktiv [Estanda Obligatwa sou Sekirite nan Plas travay](#) Commonwealth

Anrejistre tout moun ki vin an kontak avèk sit la pou pèmèt retrace kontak, sa ki gen ladan vizitè tanporè (egzanp., moun sila yo kap depoze materyèl)

### Rekòmande pi bon pratik yo

Ankouraje kliyan oswa founisè deyò yo pou mete randevou alavans pou resevwa sèvis oswa delivre materyèl si posib

Ankouraje travayè yo ki patikilyèman vilnerab pou COVID-19 dapre Sant pou Kontwòl ak Maladi pou rete lakay yo oswa re-afekte travay yo pou redwi kontak avèk travayè oswa kliyan yo

Yo ankouraje travayè yo pou yo idantifye sentòm oswa nenpòt kontak pwòch avèk yon ka COVID-19 ki koni oswa sispèk bay anplwayè a

Ankouraje travayè yo ki teste pozitif pou COVID-19 pou yo divilge bay anplwayè nan plas travay la pou rezon netwayaj/ dezenfekte ak retrace kontak

Asire aksè nan etablisman pou lave men sou sit la, sa ki gen ladan savon ak dlo, kèlkeswa lè sa posib ak ankouraje lave men souvan; dezenfektan pou men ki a baz alkòl avèk omwen 60% alkòl yo ka itilize kòm yon altènativ

Dezenfekte souvan zòn yo manyen anpil yo tankou estasyon travay, ekipman, ekran, manch pòt, twalèt toupatou nan sit travay la

Afiche siy vizib toupatou sit la pou fè travayè sonje osijè pwotokòl ijyèn ak sekirite



### NETWAYAJ & DEZENFEKSYON

Wap jwenn plis detay sou pwotokòl sektè spesifik la nan <https://www.mass.gov/info-details/reopening-massachusetts>